BIWO EGZEKITIF ZAFÈ ENÈJI AK ANVIWÒNMAN

PLAN AKSÈ LENGWISTIK

Revizyon Ki Antre An Vigè Jiyè 2026

DEKLARASYON MISYON BIWO SEKRETÈ A

Biwo Egzekitif Zafè Enèji ak Zafè Anviwònman (EEA) ap chèche pwoteje, prezève, epi amelyore resous anviwònman Commonwealth la, pandan l ap asire yon avni ki baze sou enèji pwòp pou rezidan eta a. Atravè jesyon espas ouvè, pwoteksyon resous anviwònman ak pwomosyon enèji pwòp, EEA travay san pran souf pou fè Massachusetts tounen yon kote ki bèl anpil pou moun viv, travay, epi elve yon fanmi.

Biwo Massachusetts Pou Jesyon Zòn Kotyè (CZM) misyon an se jwenn yon ekilib ant enpak aktivite moun yo ak pwoteksyon resous kotyè ak maren yo, grasa planifikasyon, patisipasyon piblik, edikasyon, rechèch ak bon jesyon resous yo.

Lapolis Anviwònmantal Massachusetts (MEP) Pwoteje anviwònman ak resous natirèl Commonwealth Massachusetts la grasa aplikasyon lwa ak règleman, edikasyon, ak aksyon pou sansibilize piblik la.

Lwa sou Politik Anviwònman Massachusetts (MEPA) fè evalyasyon sou enpak pwojè yo genyen sou anviwònman an—pwojè ki mande pou yon ajans leta oswa sèten otorite minisipal pran yon mezi (tankou bay pèmi, transfere tè, oswa bay asistans finansye). Objektif pwosesis evalyasyon MEPA a se bay piblik la bon okazyon pou egzamine enpak posib pwojè a ka genyen sou anviwònman an anvan ajans lan pran yon desizyon oswa yon mezi konsènan pwojè a.

Biwo Asistans Teknik Massachusetts (OTA) se yon ajans ki non-regilatè, ki bay manifakti ak biznis nan Massachusetts asistans teknik gratis epi konfidansyèl sou fason pou redwi itilizasyon pwodui toksik, anpeche polisyon, epi konsève resous yo.

DEFINISYON YO

Moun ki gen Konpetans Limite nan Lang Anglè (LEP): Moun ki pa pale Anglè kòm lang matènèl yo epi ki gen yon kapasite limite pou fè lekti, pale, ekri oswa konprann lang Anglè a. Moun ki se yon LEP enkli moun ki soud oswa ki gen pwoblèm pou tande.

Aksè a Lang: Bay moun ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP) aksè efikas nan menm sèvis ak moun ki kapab pale Anglè byen.

Aksè ki Sinifikatif: Asistans lengwistik ki pèmèt kominikasyon fèt yon fason ki egzak, rapid, epi efikas, san okenn frè/lajan pou moun ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP) epi ki bezwen èd pou simonte baryè kominikasyon yo—tankou sèvis entèpretasyon nan Lang an Siy, sous-titraj an tan reyèl, oswa lòt fòm kominikasyon aksesib—jan lwa sa yo egzije l: Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la (jan yo te amande l la); Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la; Lwa sou Diskriminasyon ki baze sou Laj 1975 la; Tit IX Amannman sou Edikasyon 1972 yo; ak Seksyon 13 Amannman Lwa Federal sou Kontwòl Polisyon Dlo 1972 la (yo rele yo ansanm "lwa federal kont diskriminasyon"). Yon aksè ki gen sans vle di yon aksè ki pa sibi gwo reta, ki pa limite yon fason enpòtan, epi ki pa enferyè parapò ak pwogram oswa aktivite yo ofri yon lòt moun ki metrize lang Anglè byen.

Dokiman Esansyèl: Dokiman esansyèl yo se dokiman ki gen enfòmasyon enpòtan sou pwogram, aktivite, ak sèvis ajans lan, tankou dwa kalifikasyon rezidan yo, ki disponib an Angle, sa ki ka refize moun ki pa pale Angle ak moun ki pa pale Angle byen jwenn aksè ki ekitab epi ki siyifikatif. Dokiman esansyèl sa yo ka enkli ladan yo enfòmasyon ki enpòtan pou jwenn aksè nan pwogram oswa aktivite yo, epi yo enkli, men yo pa limite a sa yo sèlman: fòm konsantman ak plent, aplikasyon sou entènèt ak an papye pou sèvis yo, fòmilè admisyon, notifikasyon konsènan kalifikasyon pou sèvis yo, notifikasyon konsènan rediksyon oswa eliminasyon sèvis yo, avi apèl, avi ki konseye moun ki se yon LEP sou sèvis lang gratis yo, dokiman lalwa egzije, ak notifikasyon konsènan disponiblite entèpretasyon ak asistans lengwistik.

Tradiskyon: Pwosesis pou transfòme/konvèti yon tèks alekri nan yon premye lang pou ekri li sou yon tèks alekri nan yon lòt lang ki koresponn avè l nan yon lang sib; sa dwe fèt yon fason ki konplè epi ki egzak otan posib, toutpandan y ap respekte estil, tonalite ak entansyon tèks la, epi pran an konsiderasyon diferans ki genyen nan kilti ak dyalèk.

Entèpretasyon: Se aksyon ki enplike koute, konprann, analize, ak trete yon kominikasyon oral nan yon lang (lang sous) epi, avèk fidelite, repwodui l oralman nan yon lòt lang (lang sib) pandan w ap konsève menm sans lan. Pou moun ki gen sèten andikap ki afekte kominikasyon, sa ka enkli ladan l konprann, analize, ak trete yon kominikasyon oral oswa ki fèt nan lang siy nan lang sous la, epi transmèt enfòmasyon sa a avèk fidelite nan yon lang sib—kit se lang oral, lang ki gen soutit, oswa lang siy—pandan w ap konsève menm sans lan.

[1] Entèprete ak presizyon epi konplètman san ajoute oswa retire sans pawòl la

I. ENTWODISKYON

Biwo Egzekitif Massachusetts pou Zafè Enèji ak Anviwònman (EEA) angaje l pou l amelyore fason moun ki pa pale Anglè byen (LEP) ka jwenn aksè nan pwogram, aktivite ak sèvis li yo. EEA prepare Plan Aksè Lengwistik (LAP oswa "plan an") sa a pou diminye obstak yo epi asire popilasyon LEP yo gen yon aksè reyèl nan sèvis, pwogram ak aktivite yo. EEA pral revize epi mete LAP sa a an mizajou omwen chak dezan pou asire li kontinye reponn ak bezwen kominote a epi li respekte Dekrè Egzekitif 615 ansanm ak tout lòt lwa leta ak lwa federal ki aplikab yo.

II. OBJEKTIF

Objektif plan sa a se asire moun ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP) gen aksè ekitab ak yon fason ki vrèman itil nan tout pwogram, aktivite ak sèvis EEA yo, san sa pa koute yo lajan dirèkteman. EEA angaje l pou li rann sèvis yo disponib pou moun ki se yon LEP, kòm yon pati nan misyon li. EEA pral travay avèk chak nan ajans li yo — kote ke yo chak ap devlope pwòp Plan Aksyon pou Lang (LAP) pa yo — pou asire ke tout Sekretarya a respekte Dekrè Egzekitif 615 la, ki egzije pou chak ajans gen yon LAP.

Objektif LAP EEA a se pou: (i) amelyore kalite ak aksè nan pwogram, aktivite, ak sèvis leta yo pou moun ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP); (ii) redwi diferans/eka ki genyen yo ak reta yo, si genyen, nan fason yo bay moun ki kalifye e ki gen LEP aksè ak pwogram, aktivite, ak sèvis leta yo; epi (iii) ogmante efikasite ajans lan ak satisfaksyon piblik la. Lè yo respekte LAP sa a, sa ap ankouraje konfòmite avèk lwa federal kont diskriminasyon (pa egzanp, Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la) ak direktiv kont diskriminasyon ki baze sou orijin nasyonal, ansanm ak Dekrè Egzekitif 526 ak Dekrè Egzekitif 615.

III. NÒM POU AKSÈ EKITAB

Pou moun ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP) k ap kontakte EEA nan telefòn, an pèsòn, oswa pa videyo, yo dwe ofri sèvis entèpretasyon pwofesyonèl pi vit posib; an jeneral, sa dwe fèt nan yon delè rezonab ki konparab ak sèvis yo bay an Anglè yo.

Anplwaye yo dwe itilize sèvis entèpretasyon ki apwouve pa telefòn oswa pa videyo san pèdi tan.

Yo dwe bay moun ki pa pale Anglè byen (LEP) repons alekri nan menm tan yo bay sèvis yo itilize pou reponn lòt sitwayen ki pale Anglè yo. Materyèl/dokiman yo tradui yo dwe klè, egzak, epi kiltirèlman apwopriye.

LEP yo pa dwe sibi chay, reta, oswa yon sèvis ki gen mwens kalite akoz baryè lengwistik.

IV. POLITIK/RÈGLEMAN AK APLIKABILITE

Règleman/politik EEA se bay moun ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP) aksè ekitab ak siyifikatif nan pwogram, aktivite ak sèvis leta yo. Politik sa a aplike pou tout biwo ak depatman nan kad EEA, tankou — men san yo pa limite a sa yo sèlman — Biwo Jesyon Zòn Kotyè, Biwo Ranfòsman Lalwa ak Lapolis Anviwònmantal, Biwo Lwa sou Politik Anviwònman Massachusetts, ak Biwo Asistans Teknik.

Sèvis EEA pou moun ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP) pral baze sou kat faktè analiz: (1) kantite moun LEP ki nan yon pwogram, aktivite, oswa sèvis la ki ta ka afekte; (2) kantite fwa moun LEP yo patisipe oswa antre an kontak ak pwogram, aktivite, oswa sèvis la; (3) nati ak enpòtans pwogram, aktivite, oswa sèvis la pou lavi moun yo; oswa (4) resous ki disponib pou EEA.

V. RESOUS POU AKSÈ LENGWISTIK

Founisè/Vandè ki Gen Kontra Avèk Leta

EEA gen kontran ak plizyè Vandè leta pou bay sèvis tradiksyon ak entèpretasyon pou Biwo Sekretè a ak nenpòt nan depatman li yo. Lis founisè/vandè sèvis ki nan PRF 88 (Sèvis Entèpretasyon ak Tradiksyon nan Lang Etranje) ke EEA te chwazi a enkli ladan l — men li pa limite a ak konpayi sa yo sèlman—(i) Fox Translation Services; (ii) Language Bridge, LLC; (iii) Language Connections Inc.; (iv) The ESL & TOEFL Associates, LLC; (v) International Translation Company; (vi) Lionbridge Technologies LLC; ansanm ak (vii) Baystate Interpreters, Inc.

Redwi Depans yo

EEA pral estandarize dokiman yo, lè sa posib, pou redwi depans ak bezwen tradiksyon. EEA pral òganize tou pataj enfòmasyon atravè Kowòdonatè Aksè Lengwistik Sekretarya a, epi l ap santralize sèvis entèprèt oswa tradiktè pou jwenn avantaj sou pri (sa vle di, angaje yon founisè sèvis pou yon peryòd tan ki long olye pou yo fè sa pou chak pwojè apa). Anplis de sa, EEA pral sèvi ak kat idantifikasyon lang (oswa "Kat 'Mwen Pale' / I Speak Cards") pou detèmine ki lang moun ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP) pale lè y ap itilize pwogram, aktivite ak sèvis yo.

Korespondans

EEA pral itilize etikèt jenerik sa a pou dokiman ki bay enfòmasyon sou pwogram, sèvis, oswa aktivite. EEA pral mete sèvis lengwistik dipsonib nan senk lang ki plis pale nan Commonwealth la, ansanm ak lòt lang si yo mande sa. Yo ka itilize etikèt jenerik sa a tou nan korespondans oswa nan dokiman enprime ak elektwonik pou detèmine si gen bezwen pou lòt lang anplis.

This document contains important information. Please have it translated immediately

Es dokumentu ten informason inportanti. Pur favor, manda traduzi-l imidiatamenti.

В данном документе содержится важная информация. Вам необходимо срочно сделать перевод документа.

Este documento contiene información importante. Por favor, consiga una traducción inmediatamente.

تحتوي هذه الوثيقة على معلومات هامة. يُرجى ترجمتها فورًا.

Dokiman sa gen enfômasyon enpôtan. Tanpri fè yon moun tradwi l touswit.

Questo documento contiene informazioni importanti. La preghiamo di tradurio inmediatamente.

Este documento contém informações importantes. Por favor, traduzi-lo imediatamente.

此文件含有重要信息。

请立即找人翻译。

본 문서에는 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 본 문서를 즉시 번역하도록 하십시오.

Tài liệu này có chứa thông tin quan trọng. Vui lòng dịch tài liệu này ngay.

ເອກະສານສະບັບນີ້ບັນຈຂໍ້ ມູນອັນສຳຄັນ. ກະລຸ

ນາເອົາເອກະສານສະບັບນີ້ໄປແປອອກ ຢ່າງບໍ່ລໍຊ້ຳ.

ឯក ន ន រព្ធ័ ស ំ ។

សូ មបកបរប ង ន ់ ។

Ce document contient des informations importantes. Veuillez le faire traduire au plus tôt.

Direktiv pou Tradiksyon Alekri

Lè y ap tradui yon dokiman, anplwaye yo dwe swiv etap sa yo :

- Idantifye ki lang (oswa lang) ki nesesè pou tradiksyon pou kominote ki afekte a. Pwojè ki gen enpak nan tout eta a dwe enkli etikèt nou te mansyone pi wo a, epi etikèt sa a dwe tradui. Pou jwenn detay sou fason pou idantifye lang yo, gade seksyon ki rele "Pwotokòl pou Mande Sèvis Lang" la.
- Dokimantasyon pou tradiksyon yo pa ta dwe gen jagon endistriyèl oswa teknik epi yo ta dwe ekri nan lang Anglè ki senp.
- Tradui dokiman enpòtan ki enterese moun ki se LEP nan senk lang prensipal yo. Dokiman enpòtan yo se dokiman ki gen enfòmasyon esansyèl sou pwogram, aktivite ak sèvis ajans lan, tankou dwa rezidan yo konsènan kalifikasyon yo.
- Anplwaye yo dwe soumèt fòm pou Mande Resous/Èd Lengwistik epi ranpli tout espas obligatwa yo. Apre yo fin soumèt li, Sekretarya Kowòdonatè Aksè Lengwistik la (LAC) ap kontakte yo pa imèl pou konfime li resevwa demann lan.
- Apre Sekretarya LAC la fin soumèt demann lan bay founisè a, anplwaye yo responsab pou kowòdone dirèkteman avèk founisè a jan sa nesesè; sa ki enkli ladan l bay nenpòt enfòmasyon anplis epi reponn kesyon pou asire sèvis yo fèt

avèk presizyon epi alè.

- Tout demann pou sèvis entèpretasyon ak tradiksyon dwe fèt atravè Fòm Demann Resous Lengwistik la. Yon fwa yo fin ranpli epi voye fòm nan ale, anplwaye yo dwe fè Sekretè LAC a konnen tou pa imèl pou asire sèvis yo trete epi kowòdone alè.

Entèpretasyon pou Sèvis Evènman/Akivite an Dirèk

EEA dwe ofri sèvis entèpretasyon an dirèk/similtane aloral nan reyinyon, evènman ak pwosedi an dirèk yo (sa ki enkli reyinyon angajman kominotè ak odyans piblik) pa entèprèt ki kalifye. EEA ap bay sèvis entèpretasyon tou pou lòt pwogram ak aktivite, jan yo jije sa apwopriye, ak nan lòt lang yo mande, depi sèvis sa yo pèmèt moun ki gen LEP patisipe yon fason ki enpòtan nan reyinyon, evènman, pwogram ak aktivite sa yo. Anplwaye EEA yo ap asire ke pou reyinyon, evènman ak pwosedi an dirèk ki long, omwen de (2) entèprèt pou chak lang ap rezève pou pèmèt poz; sa a gen entansyon pou anpeche erè fèt akoz fatig mantal. EEA ap bay entèprèt yo opòtinite adekwa pou revize materyèl yo anvan reyinyon, evènman oswa pwosedi piblik an dirèk yo.

Sèvis Lang An Siy Ameriken (ASL)

EEA ap bay sèvis entèpretasyon nan Lang Siy Ameriken (ASL) si yo mande sa. Ou dwe fè demann pou ASL omwen de (2) semèn anvan dat sèvis la atravè Komisyon Massachusetts pou Moun Soud ak Moun ki Gen Difikilte pou Tande; demann lan pa dwe fèt mwens pase de (2) jou anvan dat sèvis la, sof si se yon ijans. Tanpri sonje ke, yon fwa yo fin trete demann lan, ou ka anile l sèlman si w fè sa omwen de jou travay anvan dat sèvis la; konsa, yo pap faktire w/fè w peye pou sèvis la. Ou ka jwenn enfòmasyon sou pwosedi pou mande yon entèprèt ASL oswa yon founisè sèvis CART isit la nan Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman – Politik pou Asire Aksè ki Enpòtan pou Moun ki gen Dezabilite/Andikap.

Sèvis CART

Nenpòt moun ki konsidere tèt li kòm yon moun ki soud men ki kominike oralman ap itilize kominikasyon vèbal oswa sèvis CART. CART vle di yon tradiksyon mo pou mo nan pawòl ki pale an tèks alekri oswa tradiksyon pawòl yo an tèks alekri an tan reyèl. Ou dwe fè demann pou sèvis CART omwen de (2) semèn anvan dat sèvis la atravè Komisyon Massachusetts pou moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande (*Massachusetts Commission for the Deaf and Hard of Hearing*); sepandan, ou ka fè demann lan jiska de (2) jou anvan dat la si se yon ijans. EEA pa egzije anplwaye yo jwenn otorizasyon anvan yo soumèt yon demann pou jwenn yon entèprèt CART oswa sèvis sous-titraj. Yon fwa yo fin trete demann lan, ou ka anile l jiska de (2) jou ouvrab anvan dat sèvis la san ou pa peye frè anilasyon. Ou ka jwenn enfòmasyon sou pwosedi pou mande yon entèprèt ASL oswa yon founisè sèvis CART isit la nan Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman – Politik pou Asire Aksè ki Enpòtan pou Moun ki gen Dezabilite/Andikap.

Aksè ki Enpòtan pou Moun Ki Gen yon Dezabilite/Twoub

Objektif pou bay moun ki gen dezabilite/twoub mwayen efikas pou kominike se asire respè lwa federal ki entèdi diskriminasyon yo, epi garanti ke yon moun ki gen dezabilite/twoub nan domèn vizyon, lapawòl, lang, tande, oswa lòt dezabilite/twoub, kapab transmèt enfòmasyon bay EEA a, kominike avèk li, epi resevwa enfòmasyon nan men li. Yo ka bezwen sèvi ak zouti ak sèvis oksilyè pou pèmèt yon kominikasyon efikas avèk moun ki gen dezabilite/twoub. Moun ki gen dezabilite/twoub ka bezwen diferan kalite ekipman oksilyè oswa teknoloji asistans pou yo ka gen aksè nan domèn lengwistik ak kominikasyon, selon bezwen espesifik yo genyen nan fonksyonman kwotidyen yo.

EEA pral bay lojisyèl lekti ekran pou moun ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon, ansanm ak tèks altènatif pou dekri imaj lojisyèl sa yo ki pa ka entèprete, epi l ap bay enfòmasyon alekri an ti pwen Bray (Braille). EEA pral bay sèvis ASL oswa CART tou pou moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande. Yo ta dwe voye demann pou aranjman rezonab pou moun ki gen dezabilite/twoub bay Melixza Ensenyie — ki se Direktè Sekretarya pou Divèsite, Ekite ak Enklizyon, Kowòdonatè ADA Sekretarya a, ak Kowòdonatè pou Non-Diskriminasyon — nan adrès sa a: Executive Office of Energy and Environmental Affairs, 100 Cambridge Street, Boston, MA 02114, oswa rele nan nimewo (617) 872-3270. Melixza.Esenyie2@mass.gov oswa nan Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman – Politik pou Asire Aksè ki Enpòtan pou Moun ki gen Dezabilite/Andikap.

Konfòmite avèk ADA ak Seksyon 508

EEA pran angajman pou l asire kontni dijital li ak sèvis li yo sou entènèt ki aksesib pou tout moun, san wete moun ki gen dezabilite/twoub. Tit II Lwa sou Ameriken ki gen dezabilite/twoub yo aplike pou tout sèvis, pwogram ak aktivite gouvènman eta a ak gouvènman lokal yo bay, sa ki enkli ladan l sèvis yo ofri sou entènèt ak atravè aplikasyon mobil. Pou respekte Tit II ak Politik Aksesibilite Dijital pou tout Antrepriz Commonwealth la, kontni dijital EEA yo — tankou sitwèb, dokiman elektwonik, kontni miltimedya ak rezo sosyal — dwe satisfè nòm teknik minimòm pou aksesibilite ki nan Gid pou Aksesibilite Kontni Entènèt (WCAG) vèsyon 2.1, Nivo A ak Nivo AA.
Anplis de sa, dokiman elektwonik ak kominikasyon yo dwe respekte direktiv ak egzijans tès ki etabli nan Politik Aksesibilite Dijital pou tout Antrepriz Commonwealth la.

Règleman sou Aksè Dijital pou Antrepriz la egzije pou EEA asire anplwaye yo fin fè fòmasyon sou aksè dijital ki obligatwa ak espesifik pou wòl yo, epi pou yo entegre aksè a nan egzijans planifikasyon pwojè pou devlopman aplikasyon yo. Obligasyon EEA sou aksè dijital yo pwolonje pou twazyèm pati yo tou: aplikasyon entènèt ak mobil, kontni entènèt, ak materyèl enstriksyonèl oswa dokiman siplemantè ki bay atravè yon twazyèm pati oswa yon twazyèm pati ki anba kontra dwe konfòme tou ak WCAG vèsyon 2.1 Nivo A ak AA. EEA pral entegre egzijans aksè a nan acha ak kontra yo kòmsadwa.

Nan kad politik sa a, tèm "aksesibilite" a vle di yon moun ki gen yon dezabilite/twoub jwenn opòtinite pou l jwenn menm enfòmasyon, patisipe nan menm kalite echanj, epi benefisye de menm sèvis ak yon moun ki pa gen dezabilite/twoub; sa dwe fèt yon fason ki efikas e ki pèmèt yo entegre nèt, avèk yon fasilite pou itilize ki prèske idantik, epi avèk menm nivo sekirite ak konfidansyalite. EEA pral travay

an kolaborasyon avèk Sant Aksesibilite pou Konsiltasyon, Edikasyon ak Sèvis Sipò (ACCESS) nan Commonwealth la ansanm ak Biwo Egzekitif pou Sèvis Teknoloji ak Sekirite (EOTSS) pou asire ke byen dijital EEA yo kontinye respekte

Pwotokòl Pou Bay Sèvis Lang

Anplwaye EEA yo dwe idantifye senk lang prensipal yo pale plis nan Commonwealth la pou sèvis entèpretasyon nan reyinyon piblik ak tradiksyon dokiman enpòtan yo. Si gen bezwen sèvis entèpretasyon ak tradiksyon pou yon reyinyon piblik konsènan yon inisyativ oswa yon pwojè nan tout eta a, yo dwe tradui dokiman enpòtan yo epi bay sèvis entèpretasyon nan senk lang prensipal ki pale plis pou moun ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP) ki nan Commonwealth la, lè yo itilize done ki soti nan katografik "Lang yo Pale nan Massachusetts" la.

Pou efò sansibilizasyon ak angajman ki gen rapò ak pwogram, aktivite, sèvis oswa pwojè ki gen enpak nan tout eta a, EEA dwe bay sèvis aksè lengwistik ak dokiman tradui nan senk lang moun pale pi plis yo—jan done ki pi resan yo endike sa sou katografik la "Lang yo Pale nan Massachusetts" la, anplis de nenpòt lòt lang moun ta mande oswa yo ta jije ki nesesè pou asire yon aksè ki vrèman efikas.

Pou efò sansibilizasyon ak angajman ki gen rapò ak pwogram, aktivite, sèvis oswa pwojè espesifik pou yon sit/lokal, EEA dwe bay sèvis aksè lengwistik ak dokiman tradui nan lang (oswa lang yo) ke senk pousan oswa plis nan popilasyon an pale nan zòn jeyografik la, jiska yon maksimòm senk lang. Yo dwe bay nenpòt lòt lang moun mande oswa yo jije nesesè pou asire yon aksè efikas. Chak biwo oswa divizyon nan EEA dwe idantifye zòn jeyografik ki pral sibi enpak la, dapre règleman ki aplike pou li yo. Si pa gen règleman konsa, y ap detèmine zòn jeyografik la lè yo itilize metodoloji estanda sa a: (i) y ap aplike yon reyon senk mil pou pwojè ki gen enpak sou kalite lè a, epi (ii) y ap aplike yon reyon yon mil pou pwojè ki gen lòt kalite enpak sou anviwònman an.

EEA egzije pou yo distribye dokiman alekri ak avi konsènan pwojè ki gen rapò ak yon sit/lokal espesifik nan zòn jeyografik yo deziyen an, tankou nan bilding administratif minisipal yo, bibliyotèk piblik yo, sant pou granmoun aje yo, ak kote relijye pou adore. Yo dwe fè distribisyon an nan kote kominote konsène a ka jwenn aksè fasilman, yon fason pou asire moun yo gen bon jan aksè ak enfòmasyon sou pwojè a.

Anplwaye yo dwe konsilte lis resous sa yo, selon sa ki aplikab, pou detèmine dimansyon sèvis lengwistik ki nesesè yo:

- Katografik EEA sou "Lang yo Pale nan Massachusetts";
- Minisipalite yo, òganizasyon kominotè yo, sistèm lekòl yo, biwo medikal yo, òganizasyon ki baze sou lafwa, oswa lòt òganizasyon ki baze sou kominote a ki ka ede idantifye popilasyon kote yo bezwen plis sansibilizasyon; epi
- Nenpòt lòt done demografik ki disponib atravè sous piblik sou kapasite lengwistik, ki endike moun yo pale Anglè "a yon nivo ki pa trè byen."

Ajans ak biwo EEA yo ka chwazi voye bay OEJE — pou revizyon ak apwobasyon — yon lis oswa

yon kategori reyinyon piblik kote sèvis entèpretasyon ap disponib sèlman si yo mande l. Gen kèk kalite reyinyon ki ka egzante de obligasyon pou bay sèvis entèpretasyon lang otomatikman, si resous pou aksè nan lang yo limite oswa si rezidan yo pap afekte nan yon fason patikilye. Lis final reyinyon oswa kategori reyinyon ki egzante yo dwe jwenn apwobasyon OEJE.

Konpetans Entèprèt yo

Anplwaye EEA yo dwe jwenn omwen twa devis/fakti nan men vandè yo jan sa endike anwo a pou evalye pi bon pri yo ak egzijans dat limit yo. Pou asire yon sèvis serye, li pi bon pou mande enfòmasyon sou domèn espesyalizasyon vandè a (sa vle di, domèn oswa endistri) ak kalifikasyon entèprèt yo pou bay entèpretasyon oral similtane pou reyinyon, evènman ak pwosedi an dirèk. Yon entèprèt dwe demontre konpetans ak kapasite pou kominike enfòmasyon nan lang Anglè ak nan lòt lang lan, epi pou l konpetan nan mòd entèpretasyon ki apwopriye a (sa vle di, konsekitif, similtane, oswa ASL). Li enpòtan tou pou entèprèt la gen konesans nan tou de (2) lang yo sou nenpòt tèm oswa konsèp espesyalize ki diferan de pwogram nan, aktivite a, oswa sèvis la epi sou nenpòt vokabilè oswa frazewoloji distenktif ke moun ki afekte yo ki se yon LEP itilize. Anplis de sa, entèprèt yo dwe (i) konprann epi swiv règ konfidansyalite ak enpasyalite yo nan menm mezi ak anplwaye EEA yo epi, nan mezi pozisyon yo egzije a, epi (ii) konprann epi respekte wòl yo kòm entèprèt san yo pa devye pou yo jwe yon wòl kòm konseye legal, enjenyè, ekspè kominotè, oswa yon lòt wòl.

Mande Tradiksyon Dokiman yo

Anplwaye EEA a dwe pran mezi ki dekri pi wo a pou asire yon aksè ki fè sans a pwogram, aktivite, oswa sèvis pou moun ki gen LEP a bezwen. Anplwaye EEA dwe asire ke tradiksyon dokiman enpòtan pou reyinyon piblik yo aksesib omwen 14 jou anvan evènman piblik la, si sa posib, pou asire ke enfòmasyon an rive jwenn piblik nou vize a alè yon fason pou pèmèt yon patisipasyon kominotè ki fè sans/enpòtan.

VI. ITILIZASYON ZOUTI ENTÈLIJANS ATIFISYÈL (IA) POU AKÈS LENGWISTIK

Pou kounye a, EEA pa sèvi ak entèlijans atifisyèl (IA) ni lòt sèvis dijital pou bezwen tradiksyon dokiman li yo. Sepandan, EEA dispoze egzamine avèk atansyon fason solisyon ki baze sou entèlijans atifisyèl ta ka soutni efò nou pou rann enfòmasyon aksesib nan plis lang epi konplete konpetans imen. Nenpòt itilizasyon zouti entèlijans atifisyèl nan alavni pral gide pa angajman nou anvè presizyon ak bezwen rezidan Commonwealth n ap sèvi yo.

VII. ENPLIMANTASYON

Yo pral aplike Plan Aksyon pou Aksè nan Lang (LAP) sa a nèt, selon resous ki disponib; li reflete angajman EEA genyen pou l asire tout rezidan Massachusetts yo gen aksè ekitab ak enfòmasyon ak resous, epi pou yo ka patisipe yon fason efikas nan pwogram ak aktivite yo. Pou anplwaye yo, plan sa a santralize resous ak fòmasyon, epi li defini estanda pou aksè efikas pou moun ki gen konpetans limite nan lang angle (LEP). Metòd LAP ke EEA genyen an ap chèche asire tout moun patisipe yon fason efikas epi ekitab grasa aplikasyon direktiv sa yo:

Kowòdonatè pou Aksè Lengwistik Sekretarya a

Kowòdonatè pou Aksè Lengwistik Sekretarya a, Caroline Lemoine—ki se Direktè Adjwen pou Jistis Anviwònman—responsab pou mete plan sa a an aplikasyon epi asire li respekte egzijans yo. Ou ka kontakte li nan (857) 378-1703 oswa nan caroline.lemoine2@mass.gov. Responsablite Kowòdonatè pou Aksè Lengwistik EEA a enkli wòl sa yo:

a. Fè fòmasyon pou anplwaye yo chak trimès;
b. Asiste ak pwokirasyon sèvis asistans lengwistik;
c. Fè yon evalyasyon ak mizajou nan LAP li detanzantan, oswa omwen chak dezan, pou l reflete enfòmasyon ki ajou sou popilasyon ki gen konpetans limite nan lang Anglè (LEP) ki konsène yo;
d. Konsilte pati prenant yo; epi
e. Fasilite Gwoup Travay EEA a sou Aksè nan Lang.

Etap Aksyon

Kowòdonatè pou Aksè Lengwistik Sekretarya a pral devlope fòmasyon sou aksè nan lang pou anplwaye ki responsab òganize sèvis aksè nan lang pou pwogram, divizyon, oswa biwo respektif yo. Gwoup Travay Sekretarya a sou Aksè nan Lang pral ede nan devlopman eleman fòmasyon yo epi bay rekòmandasyon ki apwopriye.

Yo pral pran mezi rezonab pou asire ke anplwaye ki konsène yo resevwa fòmasyon apwopriye konsènan LAP la, Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la, Dekrè Egzekitif 615, ak pwosedi entèn pou mande sèvis aksè lengwistik. Fòmasyon yo ka enkli ladan yo, men yo pa limite ak sa sèlman:

f. Travay yon fason ki efikas avèk moun ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP) ak entèprèt ki travay nan telefòn;
g. Konpetans Kiltirèl
h. Patisipasyon Piblik Efikas ak Siyifikatif;
i. Pwotokòl pou jwenn aksè a resous ki nesesè pou aksè lengwistik; epi
j. Miz an aplikasyon/enplimantasyon LAP.

LAP a pral:

k. Afiche anndan konpayi an pou tout anplwaye yo;
l. Enkòpore nan sesyon oryantasyon pou nouvo anplwaye yo;
m. Prezante bay ekip jesyon an pou yo ka byen okouran epi konprann metòd LAP la, pou ranfòse enpòtans plan an epi asire enplimantasyon an ak anplwaye yo; epi
n. Yo prezante l bay anplwaye EEA ki an kontak ak piblik la, yon fason pou yo ka resevwa fòmasyon pou travay yon fason efikas avèk moun ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP) ansanm ak entèprèt nan telefòn.

Evalyasyon sou Bezwen Sèvis Lengwistik

Kowòdonatè Aksè Lengwistik Sekretarya a pral prepare yon evalyasyon sou bezwen ki genyen. Evalyasyon bezwen an pral:

o. Idantifye epi dekri nati ak enpòtans divès pwogram, aktivite ak sèvis ajans lan ofri, pou ede detèmine priyorite yo nan fason y ap bay sèvis yo, yon fason pou garanti moun ki gen kapasite limite nan langè (LEP) ka jwenn aksè ak sèvis sa yo;
p. Y ap kolekte done nan Sondaj Kominote Ameriken an (ACS), katografik "Lang yo Pale nan Massachusetts" la oubyen atravè konsiltasyon avèk moun ki gen enterè nan kominote a pou detèmine konpozisyon lang popilasyon EEA a ap sèvi a epi konsidere si done yo endike ke gen gwoup lang patikilye ki pa jwenn sèvis oubyen ki pa byen reprezante; epi
q. Idantifye tout pwen kontak ant ajans lan ak piblik la, ansanm ak tout obstak posib ki gen rapò ak lang ki ka anpeche moun jwenn aksè nan sèvis ak pwogram yo.

Sekretarya Kowòdinatè Aksè Lengwistik a pral fasilite reyinyon bimansyèl la ak Gwoup Travay Aksè Lang nan pou pataje enfòmasyon an epi pataje leson yo aprann ak pi bon pratik pou aplike metòd LAP ke EEA genyen an.

VIII. KONTNI SITWÈB LA

Kontni Sitwèb la

Yo pral revize epi modifye kontni sitwèb EEA a detanzantan pou yo ka tradui enfòmasyon esansyèl yo nan senk lang prensipal yo te idantifye pi wo a nan Evalyasyon pou Bezwen Sèvis Lengwistik la.

Platfòm Rezo Sosyal yo

EEA pral itilize platfòm rezo sosyal li yo pou l bay enfòmasyon esansyèl ki tradui epi pou l ogmante kominikasyon ak popilasyon ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP). EEA pral difize enfòmasyon enpòtan atravè bilten mansyèl Biwo Jistis ak Ekite Anviwònman an ansanm ak sou paj X li (rezo ki te rele Twitter lontan).

Tradiksyon Dokiman Enpòtan

Dokiman enpòtan yo genyen enfòmasyon enpòtan sou pwogram, aktivite, ak sèvis ajans lan, tankou dwa kalifikasyon rezidan yo, ki disponib an Anglè men ki ka refize moun ki pa pale Anglè ak moun ki pa pale Anglè byen jwenn yon aksè ekitab e siyifikatif. Dokiman enpòtan sa yo ka enkli enfòmasyon ki enpòtan pou jwenn aksè nan pwogram oswa aktivite, tankou, men pa limite a, fòm konsantman ak fòm pou pote plent, aplikasyon sou entènèt ak sou papye pou sèvis, fòm admisyon, notifikasyon konsènan kalifikasyon sèvis yo, notifikasyon konsènan rediksyon oswa eliminasyon sèvis yo, avi apèl, avi ki konseye moun ki se yon LEP sou sèvis lang gratis, dokiman lalwa egzije, ak notifikasyon konsènan disponiblite entèpretasyon ak asistans lang. Lè sa nesesè, EEA ap bay sipò finansye pou ajans yo bay tradiksyon pwofesyonèl ak konpetan nan domèn kiltirèl pou dokiman ki enpòtan yo.

IX. SIVEYANS AK REVIZSYON PLAN AKSÈ LENGWISTIK

EEA pral revize, modifye, pibliye epi mete an aplikasyon plan li a omwen chak dezan; epi, lè sa nesesè, l ap kontinye evalye si gen chanjman ki nesesè nan sèvis, pwogram nan oswa aktivite yo pou asire moun ki pa pale Anglè ak moun ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP) gen aksè kontinyèl ak ekitab. Pou asire moun ki konsène yo patisipe nan revizyon ak devlopman plan an, EEA pral konsilte òganizasyon kominotè k ap bay sèvis pou popilasyon li sèvi yo. Epitou, apre li fin bay sèvis asistans lengwistik, EEA pral fè yon sondaj pou rasanble opinyon moun yo sou presizyon ak kalite sèvis asistans lengwistik yo te bay la. Anplis de sa, pandan l ap fè revizyon an, EEA pral konsidere evalye:

a. Nenpòt chanjman enpòtan nan demografi oswa nan bezwen lengwistik popilasyon ki gen konpetans limite nan lang Anglè (LEP) nan zòn sèvis la, oswa nan popilasyon ajans lan sèvi oswa rankontre;
b. Disponibilite resous yo;
c. Pwosedi pou manm anplwaye yo mande asistans pou bezwen entèpretasyon ak tradiksyon;
d. Pwosesis pou fòme anplwaye yo sou fason pou mete plan sa a an aplikasyon;
e. Si plan ki egziste a ap satisfè bezwen popilasyon LEP yo; epi
f. Kalite aktivite oswa sèvis yo bay popilasyon ki gen kapasite limite nan lang Anglè (LEP.

Kòdonatè Aksè nan Lengwistik Sekretarya a deziyen an pral kontwole efikasite plan sa ansanm ak efikasite plan chak ajans ki anba sipèvizyon EEA, sa ki enkli ladan l nenpòt ajans afilye. Kowòdonatè Aksè nan Lengwistik Sekretarya a pral fasilite yon reyinyon chak trimès avèk kowòdonatè aksè nan lengwistik tout ajans EEA yo pou evalye fason yo ap aplike chak plan.

X. POTE PLENT

EEA ap travay di pou amelyore fason yo devlope epi aplike metòd LAP ke EEA genyen an. EEA reponn ak demann ak plent piblik la lè li fè bon jan ankèt, pran mezi korektif ki nesesè, epi kominike ak moun ki pote plent la pou ba li enfòmasyon sou rezilta a. Si w kwè yo te fè diskriminasyon kont ou nan kad yon pwogram oswa yon aktivite EEA, ou ka kontakte Kowòdonatè pou Kesyon Non-Diskriminasyon an (ki endike anba a) oswa vizite Vizite sitwèb nou an pou w aprann kijan ak ki kote pou w depoze yon plent kont diskriminasyon..

atravè mèl elektwonik/imèl:
Melixza.Esenyie2@mass.gov

Atravè lapòs regilye, livrezon an men oswa sèvis livrezon lannwit:

Melixza G. Esenyie
Kowòdonatè Non-Diskriminasyon
Executive Office of Energy and Environmental Affairs
100 Cambridge Street, Boston, MA 02114

Si w gen yon kesyon ki gen rapò ak LAP sa a, ou ka kontakte Kowòdonatè Aksè Lengwistik EEA a:

Caroline Lemoine
Direktè adjwen pou Jistis Anviwònmantal pou Zafè Eksteryè
Kowòdonatè Aksè Lengwistik Sekretarya a
Executive Office of Energy and Environmental Affairs
100 Cambridge Street, Suite 900
Boston, MA 02114
Imèl: caroline.lemoine2@mass.gov

Nenpòt pwoblèm ki genyen nan enplimantaasyon plan sa a, oswa nenpòt plent konsènan enplimantasyon li kapab soumèt bay Biwo Aksè ak Opòtinite Gouvènè a nan Eduardo.morenomendez@mass.gov oswa govcommunityaffairs@mass.gov pou revizyon ak aksyon apwopriye.